

Objektif OPWDD nan kad MWBE

OPWDD's MWBE agency goal is to have 30% of its procurements provided by certified MWBE contractors with MWBE participation levels increasing each year.

OPWDD also assigns contract-specific goals to each solicitation to ensure that MWBEs are sought for participation in all bid opportunities.

OPWDD achte kalite pwodwi ak sèvis sa yo atravè apqovizyonman:

Vann ak Reparasyon Aparèy Kay
Atelye Reparasyon Otomobil ak Remokaj
Antretyen ak Reparasyon Asansè
Siveyans ak Antretyen Detektè Dife ak Lafimen
Enspeksyon Sistèm Awozwa Dife
Enstalasyon ak Antretyen Dèlko
Netwayaj goutyè
HVAC (Enspeksyon ak Antretyen Klimatizasyon,
Founo ak Aparèy chofaj dlo)
Sèvis Konsyèj
Sèvis Amenajman Peyizaj
Sèvis Lesiv ak Lenjri
Founiti Medikal (tas medikaman, tas soufflé plise)
Sèvis Enfimyè (Enfimyè Anrejistre, Enfimyè Oksilyè ak
Gadyen Lopital)
Ekipman ak Founiti biwo
Mèb Teras ak Tab Piknik
Kontwòl Ensèk Nuizib
Sèvis Reparasyon Plonbri
Sèvis Resiklaj—Anpoul, Batri, elatriye. Ranp
Rezidansyèl/Modifikasyon Antre / Enstalasyon Asansè
Vètikal Rezidansyèl
Retire ak Resiklaj Fatra nan Kay
Antretyen Pisin Rezidansyèl
Sèvis Retire Nèj
Sèvis ReponS Telefòn
Sèvis Machin k ap vann (Bwason ak Kolasyon)
... ak anpil lòt ankò

Kontra OPWDD pou Sèvis nan tout Eta a

OPWDD souvan fè lanse apèldòf nan tout eta a pou pwodui ak sèvis ki nan lis la. Abone w ak Jounal Kontra Eta New York yo (New York State Contract Reporter) nan www.nyscr.ny.gov pou asite òrganizasyon w lan ka resevwa notifikasyon sou dènye opòtinite apèldòf ki disponib nan rejyon ou a. Apèldòf sila yo fè referans ak rejyon epi kote sa yo:

Rejyon 1

FINGER LAKES
620 Westfall Road
Rochester, NY 14620

WESTERN NY
West Seneca Campus
Bldg 16
1200 East & West Road
West Seneca, NY 14224

Rejyon 2

BROOME
249 Glenwood Road
Binghamton, NY 13905

CENTRAL NY
187 Northern Concourse
N. Syracuse NY 13212

Rejyon 3

CAPITAL DISTRICT
500 Balltown Road
Schenectady, NY 12304

SUNMOUNT
2445 State Route 30,
Bldg. 2
Tupper Lake, NY 12986

Rejyon 4

HUDSON VALLEY
9 Wilbur Road
Thiells, NY 10984

TACONIC
38 Firemens Way
Poughkeepsie, NY 12603

Rejyon 5

METRO NY
2400 Halsey Street
Bronx, NY 10461

BROOKLYN
750 Vandalia Avenue
Brooklyn, NY 11239

STATEN ISLAND
1150 Forest Hill Road
Staten Island, NY 10314

Rejyon 6

BERNARD FINESON
80-45 Winchester Blvd.
Queens Village, NY 11428

LONG ISLAND
45 Mall Drive, Suite 1
Commack, NY 11725



Office for People With
Developmental Disabilities



Pwogram pou Biznis Minorite ak Fanm Posede



(866) 946-9733 | www.opwdd.ny.gov

mwbe@opwdd.ny.gov

Misyon Nou An Bon pou Biznis Ou

Nan Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopman yo, yon prensip enpòtan se "mete moun yo an premye." OPWDD se dezyèm pi gwo ajans Eta New York epi li responsab pou kenbe plis pase 1,600 pwopriyete atravè tout 57 konte eta a. Sa gen ladan plis pase 1,000 kay gwoup sètifye ak plis pase 80 pwogram abilitasyon jou.

Nou afiche regilyèman opòtinite akizisyon pou kontraktè ki ka ede nou kenbe pwopriyete nou yo epi asire sekirite ak byennèt moun ki resevwa sèvis OPWDD yo. Nou pran angajman pou nou mete sou pye you Pwogram pou Biznis Minorite ak Fanm Posede (MWBE) ki bay amelyorasyon mezirab nan kantite biznis OPWDD, kontraktè li yo, ak founisè ki pa pou bu likratif li yo ki fè ak MWBE sètifye.

Siksè nou an pral amelyore sèvis OPWDD yo pou moun ki gen andikap devlopman lè nou ogmante kantite ak divèsite machann ak founisè ki ede nou akonpli misyon jeneral nou an. Pwogram apwovizyonman MWBE a preal ede tou repare ineglite nan pwosesis apwovizyonman Eta a epi kontribye nan devlopman ekonomik lè li sipòte biznis lokal yo epi kenbe dola taks Eta a nan kominote a - rezilta ki konplètman konsistan avèk prensip gid nou an ki se "mete moun yo an premye."

Ki Kalite Biznis ki Kalifye kòm MWBE?

- Yon biznis kote sitwayen minorite oswa rezidan pèmanan ak/oswa fanm posede, opere ak kontwole omwen 51% oswa plis;
- Yon biznis kote patisipasyon minorite ak/oswa fanm reyèl, sibstansyèl ak kontinyèl;
- Yon biznis kote manb minorite a ak/oswa fanm genyen epi egzès otorite pou kontwole ak jere desizyon biznis yo chak jou poukont yo; Epi
- Yon konpayi ki gen lisans pou fè biznis nan Eta New York

Apèldòf OPWDD a

OPWDD piblye apèldòf pou machann oswa kontraktè deyò sou Journal Kontra Eta New York la (New York State Contract Reporter). Pou chak apèldòf, OPWDD fè yon rechèch apwofondi nan Baz done Sètifikasyon MWBE Empire State Development nan <https://ny.newnycontracts.com> pou jwenn potansyèl founisè MWBE. Si rechèch OPWDD la endike apèldòf la koresponn ak pwodui oswa sèvis ou bay yo, y ap voye yon lyen ki mennen nan apèldòf ki te pibliye a bay òganizasyon w lan nan imèl.

Si rechèch OPWDD a endike apèldòf la lorespòn ak pwodui oswa sèvis yon antreprenè patikilye bay, OPWDD pral voye yon imèl pou òganizasyon sa a ki gen lyen ki mennen nan apèldòf ki te pibliye a.

Konsèy pou Sikse kòm yon Kontraktè MWBE Eta New York

- Chèche jween sètifikasyon MWBE - Vizite sitwèb Empire State Development lan pou kòmanse pwosesis sètifikasyon <https://esd.ny.gov/doing-business-ny/mwbe>.
- Suiv opòtinite pou MWBE nan ajans leta yo lè w abone ak Journal Kontra New York yo (New York State Contract Reporter) nan www.nyscr.ny.gov.
- Patisipe nan konfereans avan òf yo pou ankouraje konpayi ou kòm you potansyèl soutretan.
- Ofri pi bon pri ou.
- Revize apèldòf yo ak anpil atansyon epi reponn demann akizisyon gouvènman an nan yon tan ki rezonab.
- Antre nan asosyasyon MWBE ak gwoup defansè yo pou kenbe w ajou ak lejislasyon ki afekte endistri ou a.

